Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!

ЖАС ЛЕНИНШИ

Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАН ЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

Ибрайым Убайдуллаев көп ўақыттан берли механизатор болып ислеп киятыр. Ол өз механизмин күтип услаўы нәтийжесинде кәсиплеслери арасында алдыңғылар қатарында тилге алынып жүр. Ол өзиниң ДТ—75 маркалы тракторын ҳәзир ремонттан шығарды. Ибрайым ҳәзир Қараөзек районындағы «Мәденийят» совхозында мәккешилик бригадасында ислейди. Бригада келеси жылдың егис ислерине пухта таярлықлар көрилмекте.

СҮЎРЕТТЕ: Механизатор И. Убайдуллаев.

П. ТУРАҚБАЕВтың түсирген сүўрети.

ӘЗЕРБАЙЖАН ҲӘМ АРМЕНИЯ ХАЛЫҚЛАРЫНА

Усы қыйын пайытта бизлер Әзербайжан ҳәм Арменияның гражданлары болған сизлерге, сизлердиң ақыл-парасатыңызға ҳәм сана-сезимиңизге, өз халықларыңыздың, бизиң көп миллетли пүткил Ўатанымыздың тәғдири ушын сизлердиң жуўапкершилик пенен қарайтуғыныңызға исенемиз.

Совет адамлары Бакуде ҳәм Әзербайжанның басқа да елатлы пунктлеринде, сондай-ақ Арменияның бир қатар районларында болып өткен қайғылы ўақыяларды күйиниў ҳәм терең қайғы менен еситип атыр. Қан төгилди, бийбастақлық ҳәрекетлери ҳәм бүлдириўлер адамлардың қурбан болыўына алып келди. Қурал-жарақларға ҳәм оқ дәрилерге ийе болыў мақсетинде әскерий объектлерге, ишки ислер мәкемелерине топылыслар жасалмақта, усы ҳәм басқа республикада топалаңшылықлардың группалары дүзилип атыр. Ең бир қәдирли нәрсе—СССР дың мәмлекетлик шегарасы бузылып атыр.

Экстремистлик күшлердиң жуўапкерсизлик пенен ислеп атырған жынаятлы ҳәрекетлери, аяўсыз мийримсизлик пенен күш жумсаў ҳәм мәдений байлықларды аяўсыз қыйратыў фактлери, елимизде, әдил түрде қаҳәрлениў ҳәм ғәзеплениў, айыпсыз қурбан болған адамларға терең аяныш сезимин пайда етип атыр. Басланып кеткен жәнжелде биринши гезекте балалар, ҳаял-қызлар, кемпир-ғаррылар жәбир көрмекте. Сизлердиң перзентлериңиз набыт болып атыр, елимиздиң басқа халықларының перзентлери де әскерий хызметкерлер, заң тәртибин қорғаў органларының хызметкерлери қурбан болмақта. Халық хожалығына оғада үлкен зәлел келтирилип атыр. Совет халықлары семьясының әдеп-икрамлылық тийкары болған өз-ара түсинисиў ҳәм бирге ислесиў руўхының өзине орны толмастай зәлел келтирилмекте.

Усылайынша даўам еттириле бермеўи тийис! Қалай болмасын душпанлық, бийбастақлық ҳәм зорлық-зомбылық толқынын тоқтатыў керек. Жынаяттың жазалаўсыз ислене бериўине бизиң жеримизде қайғы ҳәм бахытсызлықтың тағалыўына жол қойыўға болмайды. Миллий сезимлерден пайдаланыўға, адамларды көзсизлик пенен жек көриўшиликке ҳәм ақылсызлыққа ийтермелеўге ҳешкимниң ҳақысы жоқ. Егер тыйым салынбаса бүгинги қайғылы жағдай ертең миллий апатшылыққа айланып кетиўи мүмкин.

Совет адамлары Таўлы Карабах автономиялы областында ҳәм Әзербайжанның гейпара басқа районларында, сондай ақ Арменияда айрықша жағдай дағазалаў ҳаққында СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указын түсиниўшилик пенен қабыл етти. Олар буны мәжбүрий, бирақ толығы менен ақланған илаж ретинде қарап, бизлерден ең бир батыл ҳәрекетлер ислеўди талап етпекте. Елимиздиң басшылығы да зәрүрли болған барлық илажлар исленеди деп атыр.

КПСС Орайлық Комитети, СССР Жоқарғы Советиниң Президиумы, СССР Министрлер Совети сизлердиң ҳәммеңизди—Әзербайжанларды ҳәм армянларды, ер адамларды ҳәм ҳаял-қызларды, ақ шашлы кемпир ғаррыларды ҳәм жасларды ақыл парасат сестине қулақ асыўға, экстремистлерди жүўенлеўге, провокаторларды әшкаралаўға, зорлық ислеўшилерди тоқтатыўға, алданған адамларды ақылландырыўға шақырады. Бизлер сизлерди елимиз басшылығының, заң тәртибин қорғаў органларының ишки ислер министрлиги ҳәм Совет Армиясы әскерлериниң, шегарашылардың парахатшылықты ҳәм заң тәртибин қайта тиклеў бойынша күш салыўларын қуўатлаўға шақырамыз.

КПСС Орайлық комитети
СССР Жоқарғы советиниң Президиумы
СССР Министрлер Совети.

«АРАЛ БОЙЫ РАЙОНЫНДА ПАЙДА БОЛҒАН АЎҲАЛ ҲАҚҚЫНДА»

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБЛАСТЬЛЫҚ XXXIII КОМСОМОЛ КОНФЕРЕНЦИЯСЫНЫҢ РЕЗОЛЮЦИЯСЫ

Бизиң кишкене ўатанымызға, бизиң үйлеримизге бахытсызлық келди. Бул бахытсызлықты тәбийий қубылыслар ҳәм апатшылықлар алып келген жоқ. Бул бахытсызлық бизиң өмирди қәдирлеўди, балаларымызды сүйиўди, бизиң ушын, келешек әўладлар ушын сансыз сынақларды басларынан кеширип, ата-бабаларымыз көз жумған ана жерди қәстерлеп билмейтуғынлығымыздан да емес. Бул бахытсызлық-мийримсиз адамлардың айыбы менен Арал теңизиниң жоқ болыўының ақыбетинен жүз берди. Тутас бир әўладтың көз алдында Арал өлип баратыр, ах урып, қыйналып өлип баратырып өзине жақын жасайтуғынлардың да сан мың өмирин есте-ақырын «сабағынан үзип» алып баратыр.

Биз, партиямыздың Орайлық Комитетине, Совет ҳүкиметине усындай қыйын пурсатларда 1986 жылдың 17-мартында ҳәм 1988 жылдың 19-сентябринде №340, №1110 қарарларды қабыл етип, бизде бахытсызлықтан қутылыў үмитин оятқаны ушын миннетдаршылығымызды билдиремиз. Арал проблемасына ҳәр қыйлы симпозиумлар арналды, регионды партия, ҳүкимет басшылары, белгили жазыўшылар келип көрди. Арал бойы халқына жаңе димаға енди, келешекке, совет халқының күшине исеними оянды.

Бирақ ҳәр күн өткен сайын жағдайдың оғыры қыйын екенлигине, ис жүзинде бул бахытсызлықтың адам қәўетлаўынан шығып кеткенлигине бизиң көзимиз жетпекте. Бүгинги күнге ҳешқандай илимий мағлыўмат ҳәм илимий болжаўлар тәбиятта пайда болған бул қыйын жағдай туўралы шынлыққа анықлық киргизе алмай отыр.

Биз, областьлық XXXIII комсомол конференциясының делегатлары Қарақалпақстан автономиялы республикасының комсомолецлери ҳәм жаслары атынан ВЛКСМ ның XXI съездиниң делегатларына бизиң апатымызды бөлисиўге таярлардың ҳәммесине жан азабы менен жүгинеmiz отырып, бизиң пәриядымыз жерыққа шақырған қоңыраў дабылы сыпатында еситиледи деп үмит етемиз. Арал шексиз сәўбетлер менен жарым-жарты илажлар ермеги бола алмайды. Арал машқаласы—өмир ҳәм өлим машқаласы. Биз партия, совет, профсоюз, комсомол органларын жағдайды турақластырыў, экологиялық апатшылық зонасындағы адамлардың ден саўлығын, өмирлерин сақлап қалыў ушын қыстаўлы, айрықша илажлар көриўге көбирек принципиаллық ҳәм жигерлилик көрсетиўге шақырамыз.

Конференция елимиздиң комсомол комитетлерине, пионер шөлкемлерине, жаслар орайларына, бирлеспелерге, студентлер отрядларының штабларына;

Шембиликлер ҳәм басқа да қайырлы акциялар шөлкемлестириў жолы менен Арал теңизин қутқарыў қорын дүзиўге жәрдемлесиў.

Арал бойы территориясында жайласқан қалалық ҳәм районлық комсомол комитетлери менен республикалардың, үлкелердиң, областьлардың қәўендерлик байланысларын орнатыў;

Өз республикаларында, үлкелеринде, областьларында Арал бойы регионы балаларының, жас семьяларының дем алыўларын ҳәм емлениўлерин шөлкемлестириў имканиятларын қарастырыў өтиниши менен мүрәжат етеди.

Конференция ВЛКСМ Орайлық Комитетине Пүткилсоюзлық пионер лагерлериниң бирин апатшылық зонасы балаларының дем алыўына ҳәм емлениўине бериўди усыныс етеди.

Биз областьлық комсомол комитетиниң бюросына 1990 жылдың биринши ярымында ҚҚАССР Министрлер Совети менен бирликте регионда экологиялық ҳәм санитариялық тазалықты қадағалаў бойынша инициатив топар ҳаққында реже ислеп шығыўды тапсырамыз.

Биз СССР дың тәбиятын қорғаў бойынша мәмлекетлик комитети, СССР Илимлер академиясы, СССР ден саўлықты сақлаў министрлигин, тийисли республикалық шөлкемлерди экологиялық қәўипли территорияны қосымша изертлеўге ҳәм оның адамлардың өмири ҳәм хызмети ушын жарамлылығын яки жарамсызлығын анықлаўға шақырамыз.

Биз ҳәзир бар болған ҳәм енди өткерилетуғын изертлеўлерден кейинги нәтийжелерди халыққа жәриялаў ҳәм зәрүрли шешимлер қабыл етиў ушын оларды тийисли орынларға жибериўди лазым деп билемиз.

Конференция делегатлары:

Жаңадан сайланған обком комсомол бюросына Арал машқаласы бойынша арнаўлы қарар қабыл етиўи ушын ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң гезектеги Пленумының адресине конкрет усынысларды ислеп шығатуғын комиссияны, экологиялық орайды областьлық комсомол комитетиниң ағзалары болған жас илимпазлар ҳәм қәнигелери қатарынан дүзиўди;

ҚҚАССР дан ВЛКСМ Орайлық Комитети ағзалығына, ВЛКСМ ның XXI съездине сайланған делегатлардан Орта Азия ҳәм Қазақстанның делегатлары менен бул мәселени талқылаўды ҳәм бирликтеги илажлар ислеп шығыўды тапсырады.

Биз союз бойынша өз бирадарларымызға, өзгениң кеўил дәртин өзиникиндей қабыл ете алатуғынлардың бәршесине, жәмийетлик шөлкемлерге, ҳәрекетлерге бахытсызлыққа ушыраған мыңлаған адамларға моральлық ҳәм материаллық жәрдем көрсетиў шақырығы менен мүрәжат етемиз.

Биз Арал бойы регионы комсомол шөлкемлеринен ВЛКСМ ның XXI съездинде сайланған делегатларға усы жылдың март айында Нөкис қаласында Арал машқалаларына байланыслы ушырасыў өткериўге шақырамыз.

Областьлық XXXIII комсомол конференциясы ВЛКСМ ның XXI съездине жемисли жумыс ислеўди тилейди.

Нөкис қаласы.
1990 жыл 12 январь.

*

ГУЛМАНОВА ФАТИЙМА

*

Әмиўдәрья районлық ҳаял-қызлар Кеңеси Пленумының оны Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат етип көрсетиў туўралы шешими Фатийма ушын күтилмеген ўақыя болды.

Өзи ағзасы болған район орайындағы халық тутыныў таўарлары фабрикасында; қала кәрханаларында, колхозларда оннан да бурын ислеп атырған, өндиристи өнимли мийнетлери, жәмийетшилик- сиясий- белсендиликлери менен «өз ийнилеринде көтерип турған» ҳаял қызлар азба? Баршылық, әлбетте деген менен көпшиликтиң нәзери Фатийма Гулмановаға түскен.

Фатийманың өмир жолы онша қурамалы да, узақ та емес. Оқытыўшының семьясында туўылып, кәмалға келген Фатийма зийрек басқа қурдаслары сыяқлы бирден жоқары оқыў орынларының босағанларын излемеди. Орта мектепти жақсы баҳалар менен питкерсе де, еки жыл анасы Дәўлетбийке менен пахта атызларында мийнет етти. Әне усыннан кейин барып ол Үргенчтеги №3 кәсип техникалық училищесиниң тигиўшилер таярлайтуғын бөлимине оқыўға кирди. Мийнеттен мурын жыйырмайтуғын, үй-руўзыгершилик ислерин анасынан жаслайынан-ақ ипта менен үйренген Фатиймаға училищеде оқыў қыйын болмады.

Мине үш жылдан асламырақ ўақыттан берли район орайындағы халық тутыныў таўарлары фабрикасында тигиўши болып ислеп атыр. Кәрханада абырой, ҳүрметке ийе екенлигин оның автономиялы, республикамыздың Жоқарғы Советине №69 сайлаў округинен депутатлыққа кандидат етип көрсетилиўи ҳәм дизимге алыныўының өзи-ақ дәлийллеп тур.

«Депутат болыў бул —әмел яки даңқ емес. Мениңше бул сол адамға билдирилген халықтың исеними, арзыў-үмити ҳәм оған жуўапкерли ўазыйпа деп билемен. Егерде халық маған исеним билдирип, депутатлыққа сайлана қойсам ҳәзирги күнимиздиң баслы мәселелеринен бири —экологияға, ишимлик суўдың тазалығы, ҳаял-қызлар, жаслар арасындағы жумыссызлықты сапластырыў, ден саўлықты сақлаў, билимлендириў, тәрбиялаў, умтылып кеткен үрип-әдетлеримизди, өнерментшилигимизди қайта тиклеў, халықлар дослығы мәселелерине көбирек итибар берген болар едим»,—дейди депутатлыққа талабан.

— Программаңыз бүгинги күнниң ең актуаль ҳәм турмыстың өткир мәселелерин қамтыған. Оны қандай аспектте иске асырмақшысыз?—деп сораў бердик биз Фатиймаға.

Атап өтилген машқалаларды қандай көлемде шешиў тек мениң бир өзиме байланыслы емес. Оларды мен ойлағандай дәрежеде шешиў ушын автономиялы республика ҳүкиметиниң де, районлық советтиң де, министрликлер менен ведомостволардың да, сайлаўшылардың да қоллап-қуўатлаўлары, жәрдемлери керек. Бәлким сайлаў алды ушырасыўларда программам және де кеңейе түсер. Ал мен ҳәр мәселени шешиў ушын табанлылық көрсетиўге, қыйыншылықлардан тайсалмаўға таярман»—деди ол.

Жуўапқа қанаатландым. Деген менен Фатиймадан оқыўшыларды ҳәм сайлаўшыларын өз платформасы менен таныстырыўын өтиниш еттим. Ол тиккарынан төмендегилерден ибарат.

1. Маңғыт қаласының ишки көшелериндеги жапсалмалардың ҳәммесинен быйылғы бәҳәрден баслап суў ағыўын, олардың бойларына тереклер отырғызылыўын, көгерип, өсиўин тәмийинлеў. Буның ушын ҳәр шаңарақтағы ересек адам басына 5 метрден салмаңы қазып-тазалаў, терек нәллерин егип, көгертиў ҳәм өсирип, тәрбиялаўға миннетлейтуғын паспортлар дүзиледи, оның орынланыўы қатаң қадағаланып барылады.

2. Район орайына Түйемойын—Нөкис водоводының суўын белгиленген мүддетинен бурынырақ әкелиў илажларын излеп табыў.

3. 5 жыл ишинде Маңғыт қаласының дөгерегин ҳалқалы тоғай зонасы менен қоршаў.

4. Сүт заводының, районлық емлеўхананың, моншалардың ҳәм басқада кәрханалардың шығындыларын орайластырылған канализация арқалы қала сыртына, адамлар саламатлығына зыянсыз зонаға шығарып таслаў мәселесин шешиў.

5. Пахта тазалаў заводының трубаларынан қала ишине қарай самал менен ушып турған гирт, шаң-тозаңды тоқтатыў илажларын көриў.

6. Районда 6 мың жумыссыз бар. Соннан қала орайында 1137, Қылышбайда 1102, Партсъезд ҳәм Жумыртаўда 395, Қыпшақ зонасында 286 ҳаял-қызлар жумыссыз. Бул мүшкилди шешиў ушын райондағы 100 ден артық кәрханалар менен бирлеспелерде жергиликли шийки зат есабынан халық тутыныў таўарларын ислеп шығарыўды, көншилик, зергерлик, миллий безеў—нағыс, аяқ кийимлер тигиў цехларын ашыў, ҳаял-қызлардың үйлеринде жумыс алып ислеўлерин шөлкемлестириў.

7. Денсаўлықты сақлаў, билимлендириў, тәрбиялаў мәкемелеринде орын алып киятырған пуқсанларды сапластырыў, машқалаларды шешиў жолларын жәмийетлик, рабочийлар, депутатлар комиссияларын дүзиў ҳәм бул мәкемелерде басқышлы қадағалаў усыллары арқалы жумысты жақсылаў жолларын қарастырыў.

8. Хорезм, Ташаўыз областларының қоңсылас районлары ҳәм автономиялы республикамыздың арқа-батыс районларының мийнеткешлери менен сейиллер, айтыслар, ылақ ойыны, ат шабыс, палўанлар гүреси, Наўрыз ҳәм басқа да миллий дәстүрлерге қурылған халықлық байрамларды өткериў ҳәм тағы басқалар.

«Жақсы нийет, жарым ырыс»,—дейди халқымыз. Фатийманың сайлаў платформасы мине усындай ийгиликли нийетлерге толы. Оның бул нийетлериниң иске асыўына ҳәм халықтың ырысы болыўына тилеклеспиз.

БИЗИҢ КАНДИДАТЛАРЫМЫЗ

*

ЭШИМБЕТОВА МУБӘРЕК

*

Кейинги ўақытлары жаслар ортасында бийзарылық, нәшебентлик, урлық ислеў сыяқлы өкинишли қубылыслар көбейип кетти. Буған жаслар шеңбериндеги нашар аўҳал, мектеп комсомол, жәмийетлик шөлкемлер хызметиндеги кемшиликлер себепши болмақта деген пикирлер бар. Бул гәплерде де «жан» бар, бирақ толығы менен олай емес,—дейди **Мүбәрек ЭШИМБЕТОВА**. Жаслардың саяқ жүриўлерине көбинесе жумыссызлық себепши. Күшине толған, бой жеткен жигит-қыз үйге тығылып қашанғы отырсын. Көшеге шығады, зериккенде сейилткендей сылтаў излейди. Әне бәри усыннан басланады. Егер олардың уқыбына, талғамына сай келетуғын жумыслар «бассаң аяқ асты» болғанда, жумыстан бос ўақытларында түрли клублар, шаршағанды шығаратуғын дем алыў орынлары есиклерин айқара ашып, «мәрҳәмат» деп турғанда әдепсизлик азайған, өкинишли қубылыслар бирнеше есе кемейген болар еди. Буның ушын конкрет қандай жумысларды иске асырыў керек. Ең дәслеп мектептен, пионер жумысын жақсылаўдан баслаған дурыс. Ҳәзирги ўақытта мектеплердеги пән кружоклары ислемейди, ислесе де жүзеки, көбиси қағаз жүзинде. Егерде пән кружокларының басшыларына өз кәсибин шын ықласы менен сүйетуғын муғаллимлерди бекиткенде, олар өз гезегинде сол пәнге қәбилети бар оқыўшыларды ағзалыққа тартып, сабақтан тыс ўақытларда олар менен шуғылланғанында қанша бала көшеде қаңғып жүрип, бойларына жаман әдетлерди сиңириўден қутылған болар еди. Пионер жумыслары да әлле қашан зериктирерлик болып кетти. Жас өспиримлер клубларының есигиниң қай жақтан ашылатуғынында билмеймиз. Бирақ бундай клублар бар болыўы ҳәм олардағы кружокларда жас өспиримлер шуғылланыўы тийис еди. Тилекке қарсы интернационалист-жаўынгерлер мектеплер қапталынан дүзген, бирли-жарым ер балаларға арналған клублардан басқа ҳәрекет етип турғанлары жоқ.

Әлбетте кемшиликти айтыў онша күш салыўларды, ойланыўды, тапқырлықты талап етпейди. Олар бүгин ҳәммениң аўзында, тек қулақ салып тыңласаң болады. Ал ислекбей атырған ислерди ислеўдиң, жасларды жумыслы, балаларды уқыплы, билимли, әдепли етиўдиң қандай резервлери бар?

Районлық комсомол комитетиниң пленумы атынан Қарақалпақстан халық депутатлығына кандидат етип усынылған Маңғыттағы пахта гезлемеси комбинатының ийириўшиси Мүбарек Эшимбетова өзиниң сайлаў алды платформасында бул мәселелерди сәўлелендире отырып, олардың шешилиўине төмендегише жантасқан.

Районлық комсомол комитетиниң «Ижод» деп аталатуғын хожалық есабындағы жаслар орайы жанынан қурылыс бригадаларын, тигиўшилик уқыбы бар қыз-келиншеклер ушын үй жумысларын, балық, таўық, қоян өсириўши хожалықлар, мектеплер, оқыў орынлары, ири кәрханалар жанынан интернационалист-жаўынгерлердиң басшылығында шынығыс жекпе-жек гүреслери секцияларын шөлкемлестириў, район орайында бүгинги күнниң ҳәм келешектиң талабына жуўап беретуғын пионерлер үйин салыў керек.

Мүбаректиң сайлаў алды платформасында жас шаңарақларды жай менен тәмийинлеў мәселесинде орын алған. Бул мүшкилди шешиўге толық резервлер бар. Мысалы жоқарыда айтып өтилгениндей қол күши жеткиликли, яғный жумыссызлықтан зериги жүрген жаслар бундай қайырлы иске шақырыўдан-ақ келеди. Қурылыс материалларының да айырымларын өзлеримизден табыўға болады. Айтайық пискен гербиш алыў ушын Қумбыз ислеўге болады. Бизиң шорланып кеткен жеримиз ушын қамыс жүдә қол келетуғын материал. Соңғы ўақытлары шөпкер жайлардың көбирек үрдис болып баратырғанын есапқа алсаң, қамыс плиталарын ислеў цехын, ҳәттеки комбинатты шөлкемлестириў жүдә утымлы ис болады. Жайлардың үстин бастырыўға ақ терегимиз бар. Ендигиден былай оны кең көлемде, жалпыламай егиўди жолға қойсақ жайларымыздың үсти толық пүтинленеди. Сонда тек тахтай, фанер, шифер ғана қалады. Оныңда ретин табыўға болады. Бәлким ата бабаларымыздың жай салыў усылларын қайталаў керек болар. Буны ўақыт көрсетеди. «Көз қорқақ, қол батыр» дегендей гәп исти баслаўда.

Арал теңизиниң күннен-күнге қурып баратырғаны бизди экологиялық апатшылық жағасына әкелип қойды. Бундай жағдайда регионда жасаўшы ҳәрбир адамның, ҳәрбир шаңарақтың санитариялық тазалыққа айрықша итибар бериўи талап етиледи. Мүмкиншилигинше жап-салмаларды таза услаўымыз, қала ишин абаданластырыўымыз, тереклер егиўди шөлкемлестириў керек.

Район орайындағы көшелерде тротуарлар асфальтланбаған, жаўын-шашынлы күнлери батпақ кешип жүриўге туўра келеди. Автобуслар тоқтайтуғын бәндиргилер жоқ. Депутат болып сайланып усы айтылған машқалаларды шеше алсам, халық алдындағы қарызымды азда болса өтеген болар едим. Депутатлыққа сайлансамда, сайланбай қалсамда усы мәселелерди шешиў ушын гүрес алып бараман. Бул үлкен фронтта маған районлық комсомол комитети, өзим мийнет етип атырған коллектив жәрдем береди,—деп ойлайман деди Мүбарек Эшимбетова гүрриңлесиўимиздиң ақырында өзин биринши сынақтан өткендей сезинип. Жуўмақлаўшы сөз сизлерге сайлаўшылар!

Ж. САПАРНИЯЗОВ
Арнаўлы хабаршымыз



Финляндияның искусство хызметкерлериниң союзы жақында ғана өзлериниң 125 жыллығын белгиледи. Усы мүнәсийбетке байланыслы союз басқармасы Хельсинкиниң дем алыс парклериниң бирине сиз мына сүўретте көрип турған әжайып архитектуралық қурылманы орнатты. Бул «жети кубик» деп аталатуғын дөретпеси Финляндия скульпторларының 1989 жылы өткерилген конкурсында биринши орынды жеңип алған еди.

«ПРОГРАММАЛЫҚ БИЛДИРИЎГЕ ҲӘМ ВЛКСМ УСТАВЫНЫҢ ЖОЙБАРЫНА МҮНӘСИЙБЕТ ҲАҚҚЫНДА»

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБЛАСТЬЛЫҚ XXXIII КОМСОМОЛ КОНФЕРЕНЦИЯСЫНЫҢ РЕЗОЛЮЦИЯСЫ

Областьлық XXXIII комсомол конференциясы бизиң елимиз ҳәм автономиялы республикамыз ушын жуўапкерли бир дәўирде өтип атыр. КПСС тиң инициативасы менен басланған ҳәм жаслар тәрепинен кең қуўатлаўшылыққа ийе болған қайта қурыў бүгин өзиниң шешиўши басқышына қәдем қойды. Экономикалық руўсиясий, социаллық ҳәм руўхый салаларда совет жәмийети дус келген салдамлы қыйыншылықлар жасларды да шетлеп өтпеди, бул комсомол жумысына да өз тәсирин тийгизди. Бул машқалалар, комсомолец-жасларды толғандырмақта.

Елимизде истиң аўҳалын түсинип, жәмийет ҳәм комсомолды қайта қурыўдың нәтийжелирек илажларын излеп табыўға умтылыў нийетинде бирлескен комсомолецлер менен жаслардың бирнеше инициатив группалары бар. Көплеген группалардың пайда болыўы комсомолдағы қайта дүзиўлердиң пәтине, оның тереңлигине қанаатланбаўдың нәтийжеси болып табылады.

Сурғуттағы ушырасыў, Волгоградтағы, Москвадағы, Уралдағы, Бакудағы региоаллық ушырасыўлардың жуўмақлары конструктивлик характерге ийе екенлигин, комсомолдағы қайта қурыў процессин раўажландырыўды мақсет етип қойылғанлығын көрсетти. Мәплердиң ортақлығы, союздың өзин жаңалаў арқалы жәмийетти жаңалаўға комсомол күшлериниң мүмкиншилигине тезирек қосыў тилеги, көз-қарасларлардың ҳәр қыйлылығы менен үйлесип, ВЛКСМ ның гезексиз XXI съезди жумысының жемисли ислеўине жақсы тийкар таярлайды. Съезде комсомол программасын, жаңа Уставты қабыл етиў, өткир машқалаларды шешиў жолларын анықлаў сыяқлы жүдә әҳмийетли мәселелерди додалаў күтип тур.

Конференция, съезд тийкарғы ҳүжжетлердиң жойбарларын таярлаўда ҳәзирдиң өзинде бар болған ҳәм съезди өткериў күнлерине сөзсиз және де кеңейе түсетуғын пикирлер ҳәм усынысларлардың бәршесин барынша кең, пухта алғанда ғана өз ролин атқара алады деп есаплайды. Қарақалпақстан областьлық XXXIII комсомол конференциясының делегатлары съездиң додалаўына усынылған мәселелер бойынша өз пикирлерин айтыўды зәрүр деп есаплайды:

1. Конференция ВЛКСМ Орайлық Комитети комиссиясының ВЛКСМ бир тутас болмағы, өзиниң программасына ийе болып өз хызметин КПСС пенен идеялық бирлик тийкарында иске асырыўы, жумыс бағдарларын ҳәм қәлиплерин өз бетинше анықлаўы керек деген усынысын толығы менен қуўатлайды ҳәм бөлиседи.

2. Конференция қатнасыўшылары комсомолдың шөлкемлесиў дүзилисин өзгертиў, оған көбирек ийкемлилик бериў, баслаңғыш шөлкемлерди ҳәм территориялық басқармаларды дүзиўди таңлаў мәселелеринде комсомол комитетлериниң ҳуқықларын кеңейтиў тәрепдары.

Биз Орайдың жергиликли шөлкемлердиң көп қырлылығын ҳәм айырмашылықларын адекват есапқа алыў жағдайына ийе емес деген практикалық жуўмақтан келип шығып Орай ҳәм жергиликли комсомол шөлкемлери ўәкиллериниң шегараларын анық белгилеў тәрептарымыз.

Конференция делегатлары ишки союзлық демократияны буннан былай да раўажландырыў ҳәм тереңлестириў, баслаңғыш шөлкемлерге жоқары органлардың жумысын қадағалаў бойынша үлкен ҳуқықлар бериў, ислеп табылған қәрежетлерди пайдаланыўда үлкен мүмкиншиликлер туўдырыў тәрепдары. Биз қатаң, бирақ саналы тәртип, көпшиликтиң еркин орынлаў ҳәм азшылықтың өз көз-қарасын қәлеген басқышта қорғаў ҳуқықын ҳүрметлеў тәрепдарымыз.

3. Конференция ВЛКСМ ағзалығының тийкарғы нормаларының, комсомол билетиниң бирлигин сақлаў, ВЛКСМ ағзасының тилеги бойынша оның комсомолда ҳәм баслаңғыш комсомол шөлкеминде ағзалықты тоқтатыў мүмкиншилигиниң тәрептары ҳәм, ағзалық взносларының көлемин Устав яки союзлық республикалар ЛКСМ ларының нормативлик ҳүжжетлери белгилеўи лазым деген усынысты қуўатлайды.

Конференция комсомолдың материаллық мүмкиншиликлерин пайдаланыў каналларын кеңейтиў, комсомолецлерге, жас семьяларға, балаларға ҳәм жас өспиримлерге тиккелей жәрдем көрсетиўге қәрежетлер бөлиў туўралы қабыл етилген шешимлерди мақуллайды. Экономикалық проблемаларды қаржы менен тәмийинлеўде ВЛКСМ ның актив қатнасыўын қуўатлайды.

4. Конференция комсомол жумысындағы ең әҳмийетли артықмашлық сыпатында комсомолецлердиң, барлық жаслардың ҳуқықларын ҳәм мәплерин қорғаўды ажыратып көрсетеди ҳәм жумыстағы орайлық күшти пүткил адамзат қәдир-қымбатына, усындай мақсетти өз алдына қойған барлық басқа шөлкемлер менен избе-из ҳәм өнимли бирге ислесиўге бағдарланған сиясий гүреске ҳәм социалистлик идеологияны пропагандалаўға өткериў тәрепдары. Биз СССР, ӨзССР ҳәм ҚҚАССР Конституциялары шегинде ҳәрекет етип турған барлық жаслар бирлеспелери ҳәм шөлкемлери менен шерик болыў тәрепдарымыз.

5. Конференция делегатлары ҳәм қатнасыўшылары ВЛКСМ ның XXI съездине мүрәжәт етип ҳәм Қарақалпақстан областьлық комсомол шөлкеминен оның делегатларына бизиң союзымыздың бөлшеклениўине жол қоймаўды, салмақлы қарарлар қабыл етиўди, комсомолдағы қайта қурыўдың буннан былайғы жолларын белгилеўди ҳәм оның жәмийеттеги абыройын беккемлеўди наказ етип береди.

ЖҮРЕГИМИЗДИҢ МЕҲРИ—БАЛАЛАРҒА

Ҳәзир автономиялы республикамызда 6 мектеп интернат, бир балалар үйи болып оларда 1696 оқыўшы тәлим-тәрбия алмақта. Оқыўшыларға 156 оқытыўшы, 138 тәрбияшы устазлық етеди. Жас өспиримлер ушын бизиң елимизде барлық мүмкиншиликлер туўдырылған. Базалық кәрханаларда балалар үйлерине, мектеп интернатларға қәўендерлик етеди.

Жақында Хожели қаласындағы Ҳамза атындағы балалар үйинде мектеп интернат ҳәм балалар үйи хызметкерлериниң республикалық семинары болып өтти. Ол КПСС Орайлық Комитетиниң (1988 ж) февраль пленумының ҳәм халық билимлендириў хызметкерлериниң Пүткилсоюзлық съездиниң қарарларынан соң мектеп интернатларда, балалар үйлеринде тәрбияланыўшылардың бос ўақтын шөлкемлестириўдиң қалай орынланып атырғанына бағышланды.

Семинарды Қарақалпақстан АССР халық билимлендириў министриниң орынбасары Р. С. Низаматдинова кирис сөз бенен ашты. Буннан соң республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтының кабинет баслығы Т. Әбдиҳалықова «Мектеп интернат, балалар үйлеринде тәрбияланып атырған оқыўшылардың сабақтан тыс ўақтын шөлкемлестириў» Ҳамза атындағы балалар үйиниң директоры А. Аралбаев «Балалар үйлеринде тәрбияланыўшылардың жеке творчествосын өсириў жөнинде», усы балалар үйиниң бас тәрбияшысы А. Оразбаева «Балалар үйинде, мектеп интернатларда тәрбияланыўшылардың бос ўақтын шөлкемлестириўдеги тәжирийбе алмасыў» деп аталған темаларда доклад жасады.

Семинарда балалар үйиниң тәрбияшысы Ф. Кеңесова, тәрбияланыўшы А. Хожабаева, №4 мектеп интернаттың тәрбияшысы А. Ниязбаева, №6 мектеп интернаттың тәрбияшысы Қ. Худайбергенова, жәрдемши мектеп интернаттың директоры Ж. Ғанийева, усы мектеп интернаттың тәрбияшысы Б. Яхияева ҳәм басқалар шығып сөйлеп оқыўшыларды тәрбиялаўдағы өз тәжирийбелерин ортақласты.

Семинардың жумысына областьлық комсомол комитетиниң секретары О. Таўбаева, урыс ҳәм мийнет ветеранлары республикалық советиниң баслығы Ж. Искендеров, В. И. Ленин атындағы Совет балалар фонды республикалық бөлими баслығының орынбасары Ә. Ғайыпова жолдаслар қатнасты ҳәм балалар үйи, мектеп интернатта тәрбияланыўшылар ҳәм тәрбияшыларлардың алдағы атқарыўға тийисли ўазыйпалары ҳаққында сөйледи.

Семинарға қатнасыўшылар балалар үйинде шөлкемлестирилген ҳәр түрли кружоклардың жумыслары менен танысты. Ҳамза атындағы музейди көрди. Семинардың соңында балалар үйинде тәрбияланып атырған ҳәўескерлердиң атқарыўында концерт көрсетилди.

Х. САПАРОВ.

Питкериўшилер кешеси

Жақында Нөкис педагогикалық училищесиниң мектепке шекемги балаларды тәрбиялаў бөлиминиң питкериўшилериниң кешеси болды.

Кеше барысында айрықша баҳаларға үлгерип училищени табыслы тамамлаған студентлерге дипломлар тапсырылды. Быйылғы жыл питкериўшилер ушын да, училищениң коллективи ушын да айрықша жыл болды. Себеби оқыўды тамамлап атырған 50 студенттен үшеўи Сәўле Жаниязова, Райхан Сатуллаева, Валя Жалғасовалар айырықша диплом алыўға миясар болған болса, училище тарийхына биринши мәртебе төрт питкериўши—жас Минайхан Досназарова Мәрьям Жаймуханмедова, Мырзагүл Байлепесова ҳәм Тохтахан Азбергеновалар өз тилеги менен Бухара областының Канимех районына жолламa алды. Училище коллективи бул басламаны қоллап-қуўатлап жаслардың тилегин қанаатландырды.

Айрықша диплом менен жуўмақлап атырған **Райхан САТУЛЛАЕВА;**

— Бизлердиң жетискенликлеримиздиң бәри де устазларымыздың тынбай излениўинен деп билемен. Устазларымның билдирген исенимин ақлап педагогикалық жоқарғы оқыў орынларының бәринде билимимди жетилистирип устазларымдай устаз болсам деген әрманларым бар,—дейди ол исеним менен.

Минайхан ДОСНАЗАРОВА;

— Бизлер ҳәр қайсымыз ҳәр районнанбыз, мысалы Мырзагүл Кегейли районынан, Тоқтахан Қараөзектен, Мәрьям Ташаўыз областынан, мен болсам Шымбай районынанман. Лекин бәримиздиң мақсетимиз бир бул ертеде Бухара областының Канимех районында қоныс басып бөлинип қалған 10 мыңнан аслам қарақалпақ халқына өз ана тилин үйрениўде аз да болса жәрдем бериў. Себеби усындай түрли территорияда жасап атырған аз сандағы қарақалпақ халқына бизиң автономиялы республикамыз бир ден-бир ғамхоршы болыўы керек. Балаларға ана тилин үйретиў жүдә кишкене ўақытларынан басланады. Сонлықтан да мектепке шекемги балаларды тәрбиялаў оларға ана тилин үйрениўде жәрдем бериў бизлердиң миннетимиз,—дейди толқынланып.

Кеше соңында училище ҳәўескерлер коллективи қызықлы интермедиялар ҳәм концерт программаларын қойды.

Б. САПАРОВА.

Өзбекстан ҳүкимети регионымыздағы экологиялық аўҳалға байланыслы 1—5 классларда оқыйтуғын мектеп оқыўшыларын сүт-қатық өнимлери менен пулсыз аўқатландырыў туўралы қарар қабыл еткен еди. Бул қарар ҳәзир автономиялы республикамыздың барлық мектеплеринде турмысқа асырылып атыр. Нөкистеги №17 Маяковский атындағы орта мектептиң асханасында ҳәр күни пулсыз 916 оқыўшы аўқатланады.

Сиз сүўретте усы мектептиң асханасында оқыўшылардың аўқатланыў пайытын көрип турсыз.

К. ОРАЗОВтың түсирген сүўрети.

ТИЛЕКЛЕР, ОЙЛАР, УСЫНЫСЛАР

Вожатый ҳаққында

Өткен жылы районлық комсомол комитетинде вожатыйларындың қатнасыўында семинар-кеңес болып өтти. Буған район мектеплеринде вожатый болып ислеп атырған жолдаслар менен бирге басқа биреўлерде қатнасты. Қатнасыўшыдан: — мектепте вожатый болып ислейсең бе?!—деп сорағанымызда ол:—бул жумысқа жақында орналастым. Бурынғы вожатый мектепте саат алып ислеп атыр. Я бир орынға методист болып кетти— деген жуўапты еситтим.

Демек ойланып қарасақ, мектеплердеги вожатыйлық жумысқа кадрлардың дурыс таярланбағаны, орналастырылмағаны, бос орынға гез келген адамды жибергени мәлим болды. Мектеплердеги вожатыйлық жумыс жуўапкерли ҳәм аўыр. Бул майда, көзге көринбейди. Ол оқыў-тәрбия жумыслары менен бир қатарда: жазғы пионер лагерлеринде пионер сборын, линейканы ҳәм басқа да илажларды шөлкемлестириўшилик уқыпқа ийе болыўы керек. Соның ушын районлық комсомол комитети болама, районлық халық билимлендириў бөлими болама мектеплердеги вожатыйлық жумысқа жас өспиримлер менен беккем байланыста ислесе алатуғын, ҳәр бир пионердиң жүрегине жол табатуғын, пионер жумысын түсинетуғын билимли, турақлы кадрларды жоллаўы керек. Буған қосымша мектеплердеги комсомол комитетиниң секретарлары менен, комсомол активлери менен ойласса да шеп болмас еди.

Усылай болмағанша пионер шөлкеминиң жумыслары алға өрлемейди. Бурынғысынша төмен ҳалында қалып қояды.

Тағы да айтайын деген пикирим мектеп вожатыйлары ушын «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен «вожатыйлар ушын методикалық қолланба» басып шығарылса пайдалы болар еди. Ҳәзир республикамыздың мектеплеринде 800 ге шамалас пионер вожатыйлары ислеп атыр. Бул тилеклеримизди тийисли орынлар жақын арада есапқа алса екен?

Ж. МИНАЖОВ.
Кегейли районы Ленин атындағы № 4 орта мектептиң бас пионер вожатыйы.

Соңғы почтадан

УШЫРАСЫЎ

Әмиўдәрья районы «XXII партсъезд» колхозының орайындағы аўыллық клубқа колхоздың колхозшылары Қарақалпақстан шайырларының бир группасы менен әдебий ушырасыў кешесине жыйналды.

Ушырасыў кешесин колхоз партия комитетиниң секретары Реймбай Ҳайтбаев ашты. Буннан соң жыйналғанлар алдында Өзбекстанға мийнети сиңген мәденият хызметкери, шайыр Хожабек Сейитов, СССР Жазыўшылар союзының ағзасы Меңлигүл Хисметуллина, Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты балалар шайыры Халмурат Сапаров, шайырлардан Жийенбай Избасқанов, Ҳикметулла Айымбетов жолдаслар өзлериниң соңғы ўақытлары жазған шығармаларынан оқып берди ҳәм алдағы творчестволық планлары менен таныстырды. Колхозшылардың қызықтырған сораўларына жуўаплар қайтарды.

Мийнеткешлер менен усындай әдебий ушырасыўлар районның «Ленинизм» колхозында, Максим Горький атындағы совхозында, пахта заводының клубында да өткерилди.

АРАЛ КИТАПХАНАСЫНДА

Әмиўдәрья районы «Ленинизм» колхозының территориясындағы «Өзбекстан» орта мектебинен өткен жылы жаңадан китапхана шөлкемлестирилген еди. Оған «Арал китапханасы» деп ат қойылды. Китапханаға елимиздиң көрнекли жазыўшылары өз шығармаларын қол таңбасы менен саўға етти. Олардың арасында Ленинлик сыйлықтың лауреаты Шыңғыс Айтматов, Пүткилсоюзлық Ленин комсомолы сыйлығының лауреаты қазақ шайыры Олжас Сулейменов, Өзбекстанның атақлы шайырлары Еркин Вахидов, Еркин Самандаров, СССР Мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төленберген Қайыпбергенов, Қарақалпақстан Ленин комсомолы сыйлығының лауреаты Оразбай Әбдирахманов ҳәм басқада жазыўшы-шайырлардың прозалық ҳәм поэтикалық шығармалары бар.

Китапхананың китап фонды ҳәзирдиң өзинде 4 мың нусқадан асып кетти. «Өзбекстан» орта мектебиниң оқыўшылары китапханаға келип ҳәртүрли көркем әдебиятларды оқыйды. Китапхананың китапханашысы Рано Аллиярова оқыўшылардың қәлеген китапларын таўып береди. Айрым шығармалар ҳаққында китап оқыўшыларының конференциясын өткереди.

Х. САПАЕВ.

Хожели районы «Әмиўдәрья» совхозындағы «Гакку үни» ансамбли республикамыздағы көплеген көзден өткериўлерге қатнасып тамашагөйлер тәрепинен жақсы қарсы алынып жүр. Ансамбль ағзаларынан Гүлсим Ахметова, Жаңыл Осланова, Жаңылсын Шатановалар өзлериниң шебер атқарыўшылығы, музыка ырғағына қосылған саз даўыслары менен көпшиликтиң кеўлинен шықпақта. Олар қосықшы болыў менен қатар бармағынан сеори тамған домбыраның сырына әбден қанық сазенде қызлар.

СҮЎРЕТТЕ: ансамбль ағзалары Г. Ахметова, Ж. Осланова, Ж. Шатановалар

Ж. ЖАҚСЫМУРАТОВтың түсирген сүўрети.



Ленинградтағы политехникалық институт ең үлкен илим изертлеў орайы ҳәм елимиздеги алдыңғы орынларда туратуғын жоқары оқыў орынларының биринен есапланады. Оған ҳәзир 90 жыл толды. Оның 12 факультетинде халық хожалығының түрли тараўлары ушын кадрлар таярланады.

Бул жердеги оқытыўшылар ҳәзирги күндеги елимизде жүз берип атырған экономикалық реформаның талапларына жуўап беретуғын өндирис басшыларын таярлаўға тырыспақта. Сол ушын да жоқары оқыў орны өз студентлерине усы жерде билим алып атырып [illegible] ны- уына үлкен мүмкиншиликлер ашып береди.

Студентлер илимий техникалық буйыртпаларды шәртнама тийкарында орынлаўға қатнасады, сондай ақ жоқары оқыў орнының илимий советиниң қапталында хожалық есабындағы жаслар орайы да ислеп тур. Ол тийкарынан өзин-өзи басқарыў системасында ислейди. Институтта студентлердиң бос ўақытларын кеўилли шөлкемлестириўге де үлкен дыққат аўдарылады.

СҮЎРЕТТЕ: Институт студентлеринен дүзилген КВН командасы.

ТАСС.

ХАТЛАР БӨЛИМИНИҢ ПАПКАСЫНАН

Исенимсизлик пе, я болмаса...

Редакцияға ҳәр күни түрли мазмундағы көплеп хатлар келеди. Әсиресе, олардың саны соңғы бир еки жылда көбейген еди. Егер бақлап барып атырған болсаңыз, хатлардың көпшилиги жәрияланып та атыр...

Бирақ, кейинги ўақытлары сол тубалаўшылық жылларында болғанындай аноним хатлардың (авторлары белгисиз) көбейип атырғаны кимди болса да ойланыўға мәжбүр етеди. Бул не өзи? Исенимсизлик пе, я болмаса алған бағдардан изге қайтыў ма?

Хатларды бир шеттен ашып оқый басласаң, турмыстың анаў ямаса мынаў саласында ушырасып туратуғын проблемалар көз алдыңда сәўлеленеди. Айырымлары, дыққатқа ылайық емес майда-шүйде гәплер. Усылай екен, деп оларды бир қапталға ысырып таслаўдың өзи де болмайды гой.

«Мен «Жас Ленинши» газетасының илгерирек­теги санларының биринде жәрияланған бир студенттиң: «Қорықпайман, бирақ, исенбеймен» атлы хатын оқыған едим. Ырасымды айтсам мен сол ўақытлары оның мәнисине түсинбедим. «Айып өзинде» деп оны гиналадым. Енди болса сол жағдайды өзим басымнан кеширип атырман...», «Әкем ҳәр күни үйге ишип келеди. Кеште үйде даў жәнжел. Өйткени түнде бир шийше сатып алып ишиўи ушын оған 25 манат ақша таўып бериўимиз керек... Ал, арақты аўылымыздың жасы үлкенлериниң бири үйинде сатады. Оннан ҳәммениңде хабары бар...» Мине усыған уқсаған гәплер.

Ал, басқаларын ашып қарасақ; «парахорлық бурынғыдан да күшейип кетти» «врачлар ашықтан-ашық адамларды тонай баслады», «саўдагерлер менен милиция биригип кетти», «жумысқа орналасыў ушын 200 манат ақша керек», «80 манатлық жумыс ушын қызлық намысымды аяқ асты еттим», «автобаза директордың меншигине, ал, бизлер қулына айландық» деген бир қарағанда ашыў үстинде ойланбай жазыла салынған қатарлар менен айырымлардың шыдай-шыдай сабыр кесасы толғаннан кейинги жүреклеринен атылып шыққан гезеп сөзлери. Оларды оқып отырып кеўлиңди әлле қандай да бир қорқыныш сезимлер бийлеп алады...

Бизиң турмысымызға соңғы ўақытлары демократия, жәриялылық түсиниклери кеңнен енип атыр. Бул тараўда қолға киргизип атырған жеңислеримизде аз емес. Бирақ, үзил-кесил жетерли дәрежеде, деп айтыўдың өзи де қыйын. Өйткени оған ҳәммеде теңдей үлес қоса алмай атыр. Әсиресе жаслар бул орында пассив болып қалмақта. Сол ушын болса керек биз көп ғана қәте-кемшиликлерге жол қойып атырмыз. Жумысларымыздың алға илгерилемей атырғаны да мине усыннан болса керек.

Хатлар... Аноним хатлардың тексерилмейтуғынлығы туўралы көпшилигимиз билсек те, оларды жазыўға мәжбүр болмақтамыз. Не ушын...?

Ҳәр сапары оларды арнаўлы папкаға тигип атырып ериксиз «әттең» деп бас шайқағаныңды билмейде қаласаң. Егер ҳәр хатта бир кемшиликтиң бети ашып тасланғанда ма еди?...

Егер анық батыллық жетиспесе, редакция сизлердиң аты-жөниңизди сыр сақлайды. Сол ушын хатқа қол қойыўдан қорқыўдың кереги жоқ.

Б. ТИЛЕЎМУРАТОВ.

Редактор Қ. РЕЙМОВ.



742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ,
К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы іслери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 507. ИНДЕКС 64612. Тиражы 28385 РК 36053